PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



# «AYQULASH» QARAQALPAQ MILLIY ANSAMBLINIŃ QÁLIPLESIWI

**Raxmanova Gauxar Kengesbaevna** – *assistent oqıtıwshı*
*ÓzMKÓMI Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar**: raqs sanati, xoreografiya, ekspressiv, baletmeyster.
**Ключевые слова:** танец, хореография, экспрессив, балетмейстер.
**Key words:** dance, choreography, expressive, choreographer.

«Ayaq oyın» kórkem ónerdiń basqa túrleri sıyaqlı, kórkem shınlıq óziniń ekspressivlik quralları menen ózgeshe gózzallıq sezimtal kelbetin tabadı. .Xoreografiyalıq ónerdiń uqsaslıǵı menen birge hár xalıqtıń ózine tánlikleri bar. Qaraqalpaq ayaq oyını da basqa xalıqlar oyınlarına uqsamaydı hám óz háreketlerine iye. Yaǵnıy oyınlarımızda barlıq deneniń qıymıldısınıń sulıw naǵısları, ayaq háreketleriniń shaqqanlıǵı, qol háreketleriniń quramalı súwretleri, jelke hám bas qıymıldıları menen basqa xalıq oyınlarınan ajıralıp turadı. «Ayaq oyını» óneri xalqımızǵa ótken ásirde kirip keliwine qaramastan, óz jolın iye bolıp, qaraqalpaq ayaq óneri dúnya xalıqlarına tanıldı hám tán alındı.

Ótken ásirdiń 20-jılları burıngı awqamnıń barlıq jerlerindegi sıyaqlı, Qaraqalpaqstanda da hár qıylı mádeniy-aǵartıw mekemelerin, teatr-koncert toparların dúziw isleri baslandı. Sonıń menen qatar «ayaq oyın» atlı kórkem óner túrine de itibar qaratıla basladı. Dáslep, 1926-jılı «Tań nurı» qaraqalpaq milliy teatr truppası shólkemlestirildi. 1930-jılı truppa Qaraqalpaq mámleketlik teatrı bolıp dúzildi. Teatr spektakller korsetiw menen birge, koncert dástúrlerinde kórsetip baradı. Álbette, koncert bolǵannan keyin dástúrde ayq oyınlarda boladı.Usınday koncertler xoreografiyanıń jetilisip barıwına xızmet etken.

«1934-jılı Buxara teatrınan kelgen rejissyor R.Fayziev hám onıń zayıbı baletmeyster X.Fayzievalar qaraqalpaq teatrında 2 jıllıq múddetke ámeliy járdem beriw ushın keledi. Zafariydiń «Xalima» muzıkalı dramasın saxnalastıradı. X.Fayzieva spektakl oyınların qoyadı. Ol baletmeyster sıpatında teatrdıń jigit-qızlarına onlaǵan atamadaǵı oyınlardı qoydı» - dep jazadı, belgili teatrsınshısı A.Juzimbetov. [1]

1936-jılı teatrımızdıń dóretiwshilik toparın kúsheytiw maqsetinde, Tashkentten bir topar qánigeler shaqırıladı. Olardan, kórkemlik basshı etip Z.Kabulov, bas baletmeyster A.Tairov, muzıka basshısı B.D.Tumanyanlar tayınlanǵan. 1937-jılı Z.Kabulov Xurshidtin «Láyli hám Májnún» dramasın qoyǵan, oyınların A.Tairov saxnalastırǵan. Bunnan keyinde teatrǵa baletmeyster etip Tashkentli Ali Ardobus Ibragimov tayınlanıp, bir neshe spektakllerge oyınlar qoyǵan, koncert dástúrlerinde oyınlar kórsetilip barılǵan.

1957-jılı Tashkent qalasında Qaraqalpaqstan Respublikası ádebiyatı hám mádeniyatı kúnleri ótkeriletuǵın bolıp, qızǵın tayarlıq jumısları alıp barıldı. Usı múnásebet penen 1956-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik filarmoniyadan «Ayqulash» milliy folklor ansamblin ashıw haqqında qarar qabıl etiledi. Bul ansabldiń kórkemlik jaqtan basshısı hám baletmeysteri Tashkentli Petrosova Elizaveta Artemovna tayınlanadı.

Qaraqalpaqstanǵa kelgen, baletmeyster E.Petrosovanıń janına teatrdıń belgili aktyorı, rejissyorı YU.Sharipov penen A.Ardobus Ibragimovtıń talantlı shákirtleriniń biri R.Adikovanı máslahatshı etip bekitip qoyadı. Dáslep qaraqalpaq xalqınıń jasaw tárizi menen tanısadı, xalqı ne menen shuǵıllanadı, tiykarǵı kásibi ne, úrp-ádet, dástúrlerin úyrenedi. Bulardı úyreniw ushın Respublikamızdıń barlıq jerlerinde, eń alıs awıllarına da baradı, Moynaqta bolıp, Aral teńizin kóredi. Balıqshılar menen tanısadı. Ámiwdarya boylarında júrip jıraw-baqsılardı tıńlaydı, milliy qosıqlardı esitedi. Qızıqtırǵan nárselerdi sorawdan erinbedi, barǵan jerlerinde jergilikli xalıqta járdem beredi. Usılayınsha baletmeysterdiń izleniwleri menen qaraqalpaq xalqınıń mártlikleri, úrp-ádetleri menen miynetleri oyın naǵıslarına túse basladı.

Qaraqalpaq xalqınıń balalar oyınlarınıń baylıǵı, sózge sheshen dilÿarlıǵı, qız-jigitler aytıslarındaǵı improvizaciyalar, bul xalıqtıń talantlı ekenliginen derek berer edi. E.Petrosovada qaraqalpaq xalqına bolǵan mehri oyanadı.

1956-jılı Nókis mámleketlik pedagogika institutı jigit-qızlarınan hám endi ǵana Tashkent mámleketlik teatr hám súwretshilik óneri institutın pitkerip kelgen jaslardan ayaq oyın ansamblin ashadı. Olardıń ishinde Aytjan Abdaliev, Amaniyaz Júzimbetov, Abdijalil Xojanazarov, Ziynel Piyazov, Shamurat Ótemuratov, Jaqsımbay Bekmuratov, Hafız Salımov, Qayırbay Turdanov, Joldasbay Palımbetov, Joldasbay Tajetdinov, YUldash Qıdırbaevlar bar edi. Bul háweskerlerden jıynalǵan ansambl bolıwına qaramastan tamashagóylerde qızıǵıwshılıq oyata basladı.

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

«Kiyiz basıw» kópten kútken, birinshi qaraqalpaq milliy ayaq oyını dóreledi. Ayaq oyınnıń ǵayrı-naǵıs bezekleri menen kiyiz basıwdıń barlıq elementlerin kórsetken bul oyındı tamashagóyler barınsha súysinip tamashaladı. Birinshi oyın hayal-qızlar miyneti temasına baǵıshlanǵan bolsa, ekinshi oyın «Aral balıqshıları» dep ataldı. Onda balıqshılarımızdıń teńizde balıq awlaǵanın háreketler menen súwretlep berdi. Bul eki oyında miynet temasında boldı. Orta Aziya xalıqları, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqınıń ózine tán miynet ózgeshelikleri eki oyında da kórsetilip berildi.

«Ilme Sultan» toqıw hám kesteshilikte háreketler onsha áhmiyetli rol oynamadı da, onda insan denesiniń gózzallıǵı hám kúshin ulıǵlaytuǵın háreketler tiykarǵı orınǵa shıqtı.

Jáne de E.Petrosova tárepinen dóretilgen massalıq oyın «Ayqulash» jigit-qızlar oyını bolıp tabıladı. Ay shuǵlasında jigit qızlardıń oyın zawıqların kórsetip, muhabbat sıyaqlı názik tuyǵılar haqqında poetikalıq til menen jetkerip beredi.

Massalıq oyınlar menen birge jeke oyınlarda saxnalastırılda. «Nazlı» oyını mine solar qatarınan.

1957-jılı «Ayqulash» ansambli Tashkent qalasında ótkerilgen Qaraqalpaqstan ádebiyatı hám mádeniyatı kúnlerinde qatnasıw menen birge Moskva qalasında ótkerilgen Xalıqaralıq demokratik jaslar hám studentler festivalında, jáhán ayaq oyın konkursında «Ayqulash» ansambli qaraqalpaq xoreografiyasınıń ózine tánligin kórsetip, tamashagóyler hám jyuriler tárepinen jaqsı bahalandı hám II dárejeli diplom hám gúmis medal menen sıylıqlandı.

«Qaraqalpaq oyınların jaratıwımda poeziyalıq, folklorlıq hám avtorlıq shıǵarmalar úlken rol oynadı. Shayır hám jazıwshılardıń járdemi menen qosıqlardan syujetler tańlap alıp, tancalar jarattım. Bul mashaqatlı jumısta maǵan N.Dawqaraev, A.Shamuratov, S.Xojaniyazov, J.Aymurzaev, I.YUsupov, T.Seytjanov, N.Japaqovlar, kompozitor hám melodistler J.Shamuratov, Á.Xalimov, A.Sultanov, X.Turdıqulov, F.Nazarov, M.Nosimov, M.Burxanovlar úlken járdem kórsetti. Járdemshim, saxnalastırıwshı repetitor Ómirzaq Esimovtı da aytıp ótiw orınlı.» [2.16-17]

1959-jıldıń yanvar ayında ansambl Ózbekstan ádebiyatı hám kórkem óneriniń Moskvada ótkerilgen on kúnligine qatnastı.

Qaraqalpaqstanda oyın ónerin qáliplestiriw, qáddin tiklep ayaqqa turǵızıw, belgili dárejede rawajlandırıwǵa úles qosqan baletmeyster E.Petrosovanıń xızmetlerin, tariyxıy haqıyqatlıqtı biykarlay almaymız. Sebebi bul qaraqalpaq xoreografiyasınıń qáliplesiw jılları edi. Talantlı xalıq kórkem-ónerge «qaraqalpaq ayaq oyını» degen jańa túrin alıp keldi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. Petrosova E.A. Karakalpakskiy tanec. metod.posobie. Tashkent «Izdatelstvo lit.i iskusstva»-1976.
2. Sh.Usnatdinov «Polat Madreymov Birinshi qaraqalpaq baletmeysteri», Nókis «Qaraqalpaqstan» 2011.
3. A.Juzimbetov «Qaraqalpaqstanda xoreografiya óneriniń qáliplesiw hám rawajlanıw tariyxınan», «Qaraqalpaqstan mádeniyatı hám sportı» gazetası, 2015.

**REZYUME.** Qaraqalpaq xalıq ayaq oyın óneri ótken ásirdiń 30-jıllarınan baslap rawajlana basladı. Dáslepki ayaq oyınlar Qaraqalpaq mámleketlik teatrında muzıkalı spektakllerde saxnalastırıldı. 1956-jılı bolsa «Ayqulash» ansambli shólkemlestirildi. Onıń birinshi baletmeysteri Liza xanım Petrosova qaraqalpaq milliy massalıq ayaq oyınlarına tiykar saldı.

**РЕЗЮМЕ.** Танцевальное искусство каракалпакского народа начало развиваться в 1930-х годах. Первые танцы были поставлены в музыкальных спектаклях Каракалпакского государственного театра. В 1956 году был создан танцевально-песенный ансамбль «Айкулаш». Его первый балетмейстер Лиза Петросова заложила основу каракалпакских национальных массовых танцев.

**SUMMARY.** The dance art of the Karakalpak people began to develop in the 1930s. The first dances were staged in musical performances of the Karakalpak State Theater. In 1956, the dance and song ensemble "Aykulash" was created. Its first choreographer Liza Petrosova laid the foundation for Karakalpak national mass dances.